



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU EFÒ ETA POU ABÒDE  
MALADI MANTAL GRAV AK SITIYASYON SAZABRI NAN LARI**

***Ekip 'Sipò pou Opsyon Sekirite' ki finanse pa Eta a deja konekte prèske 200 moun  
ki te ansyen sanzabri ak lojman pèmanan, sipò pou sante mantal***

***Prèske 100 kabann sikyatrik Eta a opere pou pasyan ki entène yo disponib  
kounye a pou trete moun ki gen maladi mantal grav yo***

***Inisyativ yo fè pati investisman 1 milya dola Gouvènè Hochul nan Bidjè FY24 la  
pou transfòme swen sante mantal kontinyèl New York la***

***Foto ekip Sansibilizasyon Gouvènè Hochul yo nan Grand Central Station lan  
disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo mizajou sou dènye efò Eta a pou bay tretman ak sipò pou moun ki gen maladi mantal grav yo, nan kad efò li ki te finanse pa [investisman 1 milya dola](#) li a nan swen sante mantal nan kad Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2024 la. Gouvènè a te anonse ekip Sipò Opsyon Sekirite yo te ede prèske 200 moun ki te ansyen sanzabri jwenn lojman pèmanan. Li te mete aksan tou sou 99 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène yo ki kounye a disponib pou itilize – plis pase mwatye nan objektif ki etabli nan pwopozisyon bidjè li a – epi ke apeprè 500 kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan lopital kominotè yo pral restore disi janvye 2024.

"Nou gen yon obligasyon moral pou nou pran swen moun ki gen pwoblèm mantal, men pou twò lontan yo te inyore oswa yo pa trete pwoblèm kritik sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se pa verite ankò: plan administrasyon mwen an pou amelyore sistèm sante mantal nou an k ap bay tretman ak swen pou moun ki plis bezwen li. Mwen fyè de pwogrè nou fè ak angajman nou pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak èd yo bezwen."

Li te etabli an 2022, 11 ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (Safe Options Supports, SOS) yo te ede garanti plasman lojman pou prèske 200 nan apeprè 2,000 moun k ap viv nan lari oswa nan sistèm tren an – anpil ladan yo t ap viv ak maladi mantal. Ekip sansibilizasyon epi ki baze sou referans sa yo travay avèk moun ki nan sitiyaasyon sanzabri pou ede devlope konpetans lavi yo epi ranfòse rezo sipò yo pou yo ka transfere swen yo bay founisè ak sipò kominotè yo.

An kad bidjè pou Ane Fiskal 2024 la, Plan Gouvènè Hochul kreye uit nouvo ekip – senk nan Vil New York ak twa nan rès eta a – pou ranfòse siksè sa yo. Pami nouvo adisyon sa yo, yo prevwa plizyè ekip sansibilizasyon devwe pabdab lannwit pou kòmanse operasyon yo nan Vil New York akoutèm.

Pi bonè jodi a, Gouvènè Hochul te rankontre ak anplwaye Services for the UnderServed (Sèvis pou Moun kiPa Jwenn Ase Sèvis), ki opere youn nan ekip SOS ki baze nan Vil New York, nan Grand Central Station nan Manhattan. Gouvènè a te diskite sou travay ak eksperyans manm ekip miltidisciplinè sa yo nan ede Nouyòkè k ap fè eksperyans ak sityasyon sanzabri kwonik reyalize estabilite.

Gouvènè Hochul te bay tou Nouyòkè yo mizajou sou agrandisman kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan sant sikyatrik eta a. Jouk jounen jodi a, 99 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène yo disponib pou itilize, ak tout 150 kabann ki dekri nan [plan swen sante mantal istorik la](#) ke yo dwe mete an fonksyon anvan 1e janvyè 2024.

Yo te ajoute nouvo kabann pou pasyan ki entène yo nan etablisman eta opere yo nan St. Lawrence Psychiatric Center (Sant Sikyatrik St. Lawrence); Buffalo Psychiatric Center (Sant Sikyatrik Buffalo); Rochester Psychiatric Center (Sant Sikyatrik Rochester); Rockland Children’s Psychiatric Center (Sant Sikyatrik Rockland Children); Greater Binghamton Health Center (Sant Sante Greater Binghamton); South Beach Psychiatric Center (Sant Sikyatrik South Beach); Bronx Psychiatric Center (Sant Sikyatrik Bronx); ak Pilgrim Psychiatric Center (Sant Sikyatrik Pilgrim).

Bati sou pwogrè sa a nan senk mwa depi bidjè eta a te adopte, Gouvènè Hochul te anonse tou ke apeprè 500 kabann lopital kominotè – ke yo rele tou kabann Atik 28 ak 31– ke yo te retire an fonksyon pandan pandemi COVID-19 la pral retabli nan sèvis nan Nouvèl Ane a Gouvènè a te angaje l pou l retabli kabann yo pi bonè ane sa a epi kounye a ap travay pou sanksyon lopital ki pa konfòme yo.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare,** "Plan istorik Gouvènè Hochul la ap bay investisman solid nan elaji sèvis ak swen pou Nouyòkè k ap viv ak pwoblèm sante mantal nan tout eta nou an. Ak envèstisman ekstrawòdinè sa yo k ap reyalize kounye a, plan sa a pral amelyore monimantalman swen sante mantal nan eta nou an epi ede asire bezwen sante mantal Nouyòkè yo satisfè. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kontinye fè satisfè bezwen swen sante mantal tout Nouyòkè yo vin yon priyorite nan administrasyon li a."

Gouvènè Hochul te fè ogmantasyon kapasite operasyonèl pou tretman sikyatrik pou pasyan ki entène yo vin yon priyorite nan plan 1 milya dola li a pou plizyè ane pou renove swen sante mantal kontinyèl Eta New York la. Plan sa a te adopte kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la, ki te apwouve nan mwa me a.

Anplis de ogmantasyon kapasite pou pasyan ki entène, plan Gouvènè Hochul la gen ladan elaji sèvis kominotè pou pasyan ekstèn yo, kreye nouvo inite lojman sipò pou sèvi

Nouyòkè ki gen maladi mantal, ak bati pwogram devlopman ki montre siksè. Plan an baze sou envestisman anvan yo te ki fèt nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, sa ki ede fèmen twou vid ki genyen yo epi asire ke sistèm nan byen sèvi bezwen swen sante mantal tout Nouyòkè ki nan kriz yo, ki gen ladan popilasyon majinalize ak vilnerab yo.

[Biwo Sante Mantal Eta New York la](#) deja finalize gid sou evalyasyon ak pratik egzeyat pou pwogram ijans sikyatrik konplè ak depatman ijans yo, ak pou etablisman Atik 28 ak Atik 31 prive pou pasyan ki entène yo. Gid sa a fikse estanda swen yo atann pou estime, evalye ak egzeyate moun ki gen kondisyon sante konpòtmantal epi li pral ede asire ke moun yo rete ak sipò kominotè apwopriye.

Plan an pral etabli 50 nouvo ekip kowòdinasyon swen Entèkansyon nan Moman Kritik (Critical Time Intervention, CTI) ki pral bay sèvis konplè pou pasyan ki egzeyate yo – soti nan tretman, pasenan lojman, rive nan kominote a ak sipò rekiperasyon. An menm tan, Biwo Sante Mantal la ap devlope 42 nouvo ekip Tretman Kominotè Entansif (Assertive Community Treatment, ACT) pou bay Nouyòkè ki gen pi wo nivo bezwen yo sèvis kominotè entansif.

Pou konplete efò sa yo, Gouvènè Hochul te etabli premye inite [Soti nan Tranzisyon rive nan Kay](#) nan Manhattan Psychiatric Center pou ede bay swen ki oryante sou rekiperasyon, ki santre sou moun pou moun ki gen difikilte sanzabri kwonik yo. De inite pou pasyan ki gen 25 kabann sa yo genyen yon ekip miltidisyèl ki gen doktè, enfimyè, travayè sosyal, terapeyè okipasyonèl, ak lòt pèsonèl klinik ak pèsonèl ki pa klinik pou bay tretman ki konsantre sou rekiperasyon ak objektif pou finalman egzeyate pasyan yo nan swen ki baze nan kominote a.

Kòm yon pati nan plan Gouvènè Hochul la, OMH ap devlope tou 900 inite lojman rezidansyèl kominotè anplis pou ede moun k ap fè tranzisyon soti nan lopital oswa nan sal ijans yo pou yo devlope konpetans ki nesè pou ale nan yon anviwònman lojman ki pi endepandan. Moun ki nan pwogram tranzisyon an pral konekte ak ekip SOS, ACT ak Tretman Entansif Mobil—yo tout ap elaji— pou sipòte tranzisyon yo tounen nan kominote a ak nan lojman sipò pèmanan.

Plan an pral devlope tou 1,500 inite lojman sipò ki sèvi moun ki gen yon maladi mantal grav ki gen bezwen mwens egi men ki toujou bezwen sipò pou viv poukont yo. Plan an pral triple tou kantite Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè ki Sètifye ki bay sèvis konplè pou moun ki bezwen sipò pou sante konpòtmantal – soti nan 13 rive nan 39 nan tout eta a disi jiyè 2025.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)